# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–27 अक्टूबर 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहले हवें कि एक जिला एक उत्पाद के नजरिया से जुड़लि पहल किसानन के मजबूत बना रहल हौ। एहसे स्थानीय रोजिगार सृजित हो रहल बा आ ग्रामीण आत्मनिरभरता के बढ़ावा मिलि रहल हौ। वित्त मंत्री निर्मला सीतारामन क एगो लेख साझा करत प्रधानमंत्री एगो सोसल मीडिया पोस्ट में कहलें कि ई लेख येह बाति पर रोसनी डारे ला कि घरेलू खाद्य प्रसंस्करण क्षमता के मजबूत कइल राष्ट्रीय सुरक्षा क प्राथमिकता हौ।

**********

सर्वोच्च न्यायालय आजु सज्जो राज्यन अउर केन्द्रसासित प्रदेसन के नोटिस जारी कइ के डिजिटल अरेस्ट के मामिलन में उनके ओरि से दरज कइल गइल प्राथमिकी क बिबरण मंगले हवे। न्यायालय देस में बढ़त डिजिटल अरेस्ट क घटना के देखत सज्जो मामिलन क जांचि केन्द्रीय अन्वेषण ब्यूरो–सीबीआई के सउंपलहू पर बिचार कइले हौ।

**********

लोकआस्था आ सुरूज देव के उपासना क महापरब छठ आजु पूरा देस में उछाह–उमंग अउर रिवाज के हिसाबि से मनावल जा रहल बा। महापरब के तिसरका दिन्ने आजु व्रती महिला लोगि डूबत सुरूज भगवान के अरघा दे के पूजा–अर्चना कइ रहलि हइनि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु, उपराष्ट्रपति सीपी राधाकृष्णन, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, गृहमंत्री अमित शाह, राज्यपाल आनंदी बेन पटेल आ मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के सथहीं देस क कई गो जानल–मानल लोगि छठ तिउहार क सुभकामना दिहले हवें। मुख्यमंत्री लखनऊ के लक्ष्मण मेला मैदान में आजु आयोजित छठ पूजा कार्यक्रम में हिस्सो लिहलें।

प्रदेस क गोरखपुर, कुशीनगर, अयोध्या, बनारस अउर प्रयागराज के सथहीं कई गो अउरियो जिलनों में छठ तिउहार पर घाटन पर ढेरे भीड़ि बा। छठ गीति के साथे अतिसबाजी आ घाटन क सजावट लोगिन के आकरसित कइ रहलि हौ। पूरबी उत्तर प्रदेस अउर बिहार के सीमा से लागल कुशीनगर जिला में येह तिउहार पर ढेरे उछाह बा। प्रस्तुत हौ एगो रिपोर्ट–

***कुशीनगर जिले में सरोवरों तथा नदी किनारे बने छठ घाटों को आकर्षक ढंग से सजाया गया है। जिले के तुर्कपट्टी स्थित प्राचीन सूर्य मन्दिर में श्रद्धालुओं की भारी भीड़ लगी हुई है। छठ महापर्व के कल चौथे दिन व्रती महिलाएं उगते हुए भगवान सूर्य को अर्घ्य देकर अपना व्रत सम्पन्न करेंगी। कई स्वयं सेवी संगठनों ने छठ घाटों पर श्रद्धालुओं के लिए विशेष प्रबन्ध किये हैं। इस अवसर पर जिला प्रशासन ने सुरक्षा के व्यापक इंतजाम किये हैं। विवेक पाण्डेय,आकाशवाणी समाचार,कुशीनगर।***

बिहने भिन्नहीं उग्गत सुरूज भगवान के अरघा दिहले के सथहीं चारि दिन क महापरब पूरा हो जाई।

**********

कुशीनगर जिला के तमकुहीराज में नारायणी नदी के किनारे आजु से मॉडल रॉकेट्री–कैनसैट इंडिया छात्र प्रतियोगिता क चारि दिन क भव्य समारोह सुरू हो गइल। एहमें पहिले दिन्ने के प्रतियोगिता क उद्घाटन देउरिया क सांसद शशांक मणि त्रिपाठी अपने पत्नी के साथे पूजा–अर्चना कइ के कइलें। तीस अक्टूबर ले चले वाला येह प्रतियोगिता में एकहत्तर कैनसेट रॉकेट प्रक्षेपित कइल जइहें। येही क्रम में प्रक्षेपण वाली जगहि से एक किलोमीटर दूरे लागल कमांड सेंटर से आजु नौजवान वैज्ञानिक चारि गो रॉकेट क सफल प्रक्षेपण कइलें। हमरे कुशीनगर प्रतिनिधि बतवलें कि ई आयोजन भारतीय राष्ट्रीय अंतरिक्ष संवर्धन आ प्राधिकरण केंद्र की ओरि से भारतीय अंतरिक्ष अनुसंधान संगठन–इसरो अउर एस्ट्रोनॉटिकल सोसाइटी ऑफ इंडिया–एएसआई के सहजोग से कइल जा रहल बा।

**********

वस्तु अउर सेवा कर–जीएसटी बचत उत्सव क फायदा समाज के सज्जो लोगिन ले पहुंचि रहल बा। खइले के समानन पर नया जीएसटी दरन के ले के प्रस्तुत बा एगो रिपोर्ट–

***अगली पीढ़ी के जीएसटी सुधारों ने आवश्यक खाद्य वस्तुओं पर करों में कमी करके नागरिकों को महत्वपूर्ण राहत प्रदान की है। नए कर संरचना के तहत पिज्जा ब्रेड, खाखरा और चपाती को कर–मुक्त कर दिया गया है, जिन पर पहले पांच प्रतिशत जीएसटी लगता था। इसी तरह पहले अठारह प्रतिशत कर स्लैब में आने वाले में पराठा और परोटा को भी अब कर से मुक्त कर दिया गया है। आम आदमी पर कर का बोझ कम करने के लिए सरकार ने सूप, ब्रेड, चॉकलेट, कोको उत्पादों के साथ–साथ चाय और कॉफी के अर्क पर भी जीएसटी घटा दिया है। अब इन सभी वस्तुओं पर जीएसटी टू प्वाइंट ओ के अंतर्गत केवल पांच प्रतिशत जीएसटी लग रहा है। आरजू और ईशानी के साथ सकलेन अख्तर आकाशवाणी समाचार दिल्ली।***

**********

आजु से सतर्कता जागरूकता सप्ताह दुइ हजार पचीस मनावल जा रहल बा। एकर उद्देस्य देस में सार्वजनिक जिनगी में ईमानदारी के बढ़ावा दीहल आ भ्रस्टाचार मुक्त समाज क निरमाण कइल हौ। येह सप्ताह क बिसय बा– सतर्कता – हमारी साझा जिम्मेदारी। येही क्रम में आजु बनारस क भारतीय प्रोद्योगिकी संस्थान–आईआईटी बीएचयू में सत्यनिष्ठा प्रतिज्ञा समारोह क आयोजन कइल गइल। येह मौका पर संस्थान क निदेसक प्रोफेसर अमित पात्रा मौजूद लोगिन के सत्यनिस्ठा क सपथ दियवलें।

**********